No. of Printed Pages : 4

**BMAF-001**

# BDP/BCA/BTS

## सत्रांत परीक्षा

## जून, 2019

00955

## BMAF-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम

*Time : 2 hours* *Maximum Marks : 50*

***नोट :*** *निम्नलिखित सभ प्रश्नक उत्तर देब अनिवार्य अछि ।*

1. निम्नलिखित शब्द मैथिलीमे कोना बाजल जाउछु से लिखू : 5

   (क) ग्लास

   (ख) बस स्टैण्ड

   (ग) ट्रेन

   (घ) पौकेट

   (ङ) बटन

2. निम्नलिखित शब्दक स्त्रीलिंग रूप लिखू : 5

   (क) मलाह

   (ख) धोबी

   (ग) सोनार

   (घ) बालक

   (ङ) गायक

3. निम्नलिखित शब्दक पर्यायवाची लिखू : 5

(क) कमल

(ख) पोखरि

(ग) खिस्सा

(घ) राति

(ङ) समुद्र

4. रिक्त स्थानक पूर्ति करू : 5

(क) मैथिली हमर ________ थिक ।

(ख) हिन्दी हमर ________ थिक ।

(ग) ज्योतिरीश्वरक गद्य ग्रंथक नाम ________ थिक ।

(घ) विद्यापति ________ छलाह ।

(ङ) मैथिलीक लिपिक नाम ________ छैक ।

5. निम्नलिखित शब्दक बहुवचन लिखू : 5

(क) सज्जन

(ख) ऋषि

(ग) पाठक

(घ) सभासद

(ङ) हम

6. कोनो ***एक*** अवतरणक अर्थ 150 शब्दमे लिखू : 7

(क) लक्ष्मीसौँ हरि कहल बुझाय ।
बड़ दुख सहलनि सुर-समुदाय ।।
हम तनिका देलदुँ वरदान ।
अचिरहि हरब रिपुक हम प्रान ।।

अवधपुरी जयबाक विपार ।
लेब ततहि हम नर अवतार ।।
होयत प्रिये हमरहि की जाय ।
अहँ बिनु नहि कय सकब उपाय ।।
चलु-चलु भूतल प्राणपियारि ।
दुहु मिलि लेब असुर-संहारि ।।
सुनि लक्ष्मी कहलनि बड़ वेश ।
उचित विचार कयल प्राणेश ।।
लेल अयोध्या हरि अवतार ।
चारि अंशयुत राम उदार ।।
लक्ष्मी अयलिह मिथिला भूमि ।
ऋद्धि-सिद्धि संग लयिलिह जूमि ।।

(ख) प्रथमहि सङ्कर सासुर गेला ।
बिनु परिचय उपहास पड़ला ।।
पुछिओ न पुछलक बैसलाह जहाँ ।
निरधन आदर के कर कहाँ ।।
हिमगिरि-मण्डप कौतुक रसी ।
हेरि हसल सबे बुढ़ तपसी ।।
से सुनि गौरि रहलि सिर नाए ।
के कहत मा के तोहर जमाए ।।
साँप सरीर ओ काँख बोकाने ।
प्रकृति औखध जग केदहु जाने ।
भनउ विद्यापति सहज कहू ।
आडम्बरे आदर हो सबतहू ।।

7. कोनो ***एक*** विषय पर 300 शब्दमे निबन्ध लिखू : 7

(क) विद्यापति

(ख) चन्दा झा

(ग) सुरेन्द्र झा 'सुमन'

8. हथट्टा कुर्सीक विषयवस्तु लिखू । 7

9. कोनो ***एक*** शीर्षक पर टिप्पणी लिखू : 4

(क) नचारी

(ख) सोहर

(ग) समाचारपत्र

---